



**S**ekirite Sosyal ak Sant Pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo ap travay ansanm pou fè ou jwenn èd siplemantè pou peman medikaman doktè preskri ou. Si revni ak resous ou pa anpil, ou ka an mezi pou ou jwenn èd pou peye prim asirans ou pa mwa, franchiz asirans ou chak ane epi kopeman sou preskripsyon ou, nan nouvo pwogram Medicare pou medikaman sou preskripsyon ki te kòmanse depi premye janvyè 2006. Pou detèmine si ou ka elijib pou èd siplemantè sa a, Sekirite Sosyal ap bezwen konnen revni ou ak kantite lajan ou genyen nan kont-depay ou, kantite lajan ou genyen nan investisman ou ak byen imobilye ou (ki pa kay ou abite a).

Lè ou ranpli yon fòm aplikasyon pou jwenn èd nan Plan Medicare pou peman medikaman doktè preskri ou (Fòm SSA-1020), sa ap ede Sekirite Sosyal detèmine si ou elijib. Pifò kesyon ki sou fòm aplikasyon an konsène limit revni ak resous. Sekirite Sosyal p ap mande okenn dokiman pou pwouve enfòmasyon ou bay yo, men l ap konpare enfòmasyon ou bay yo avèk enfòmasyon ki disponib nan lòt biwo federal yo.

### **Kisa limit revni ye?**

Pou kalifye pou jwenn èd siplemantè nan Plan Medicare pou medikaman doktè preskri ou, revni anyèl ou pa dwe depase limit \$15600 pou yon moun (\$21000 pou 2 moun marye k ap viv ansanm).

Menm si revni anyèl ou pi wo pase sa, ou toujou ka an mezi pou resevwa kèk èd. Men kèk egzanp kote revni ou ka pi wo, si ou menm oswa mari/madanm ou:

- Ap sipòte lòt manm fanmi an k ap viv avèk ou;
- Ap touche lajan nan travay; oswa
- Ap viv nan Alaska oswa nan Awayi.

### **Kisa ki pa konsidere kòm revni?**

Se pa tout lajan kach ki konsidere kòm revni. Pa egzanp, **Sekirite Sosyal p ap konsidere:**

- Asistans kupon pou manje (Food stamp);
- Asistans pou enèji nan kay;
- Tretman medikal ak medikaman;
- Asistans pou lojman;
- Asistans lè gen katastwòf;
- Peman kredi taks sou revni pwofesyonèl;
- Konpansasyon pou moun ki viktim; epi
- Bousdetid ak sibvansyon nan edikasyon.

### **Kisa limit revni ye?**

Pou jwenn èd siplemantè a, resous total ou pa dwe depase limit \$11990 pou yon moun (\$23970 pou 2 moun marye k ap viv ansanm).

Resous yo enkli valè tout byen ou posede. Men kèk egzanp:

- Byen imobilye (ki pa kay kote ou abite);
- Kont labank, (kont kouran, kont-depay ak sètifika depo oswa depo a tèm);
- Aksyon;
- Obligasyon avèk Bon Kès Trezò Ameriken tou;
- Fon envestisman an komen;
- Kont Retrèt Endividyèl (IRA); oswa
- Lajan kach ki lakay ou oswa ki nenpòt lòt kote

(kontinye)

## Kisa ki pa konsidere kòm revni?

### Nou pa konsidere:

- Kay kote ou abite;
- Byen pèsonèl ou;
- Otomobil ou (yo);
- Resous ou pa ka konvèti an lajan kach fasilman, tankou bijou oswa mèb ki nan kay ou;
- Byen ou bezwen pou sipòte tèt ou, tankou byen oswa tè lokasyon ou itilize pou devlope pwodui pou konsome lakay ou;
- Byen ki pa komèsyal ke ou bezwen pou sipòte tèt ou;
- Apeprè \$1500 (oswa \$3000 si ou marye epi ou ap viv ansanm avèk mari oswa madanm ou) nan valè racha kontra asirans-vi ou genyen;
- Plas nan simityè;
- Enterè ou touche sou lajan ou sere pou ou fè depans antèman;
- Kèk lòt lajan ou genyen pap konte pandan nèf (9) mwa, tankou:
  - Peman Sekirite Sosyal oswa peman Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income) ki retwo-aktif (ki konsène tan pase)
  - Asistans pou lojman;
  - Ranbousman taks federal sou revni ou, epi avans sou kredi taks sou revni pwofesyonèl;
  - Konpansasyon ou resevwa antan yon moun ki viktim nan yon krim; epi
  - Asistans pou demenajman ou resevwa nan men gouvènman leta oswa gouvènman lokal.

## Kisa k ap pase si mwen pa gen tout enfòmasyon yo?

Menm si ou pa gen tout enfòmasyon yo oswa si ou pa ka jwenn dokiman yo, ou ta dwe ranpli fòmilè aplikasyon an pou resevwa èd sipleman, a, depi ou panse ou ka elijib. N ap travay avèk ou pou eksplike ou enfòmasyon nou bezwen yo.

## Kòmman ou ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon konsènan èd sipleman pou peman medikaman sou preskripsyon ou, rele Sekirite Sosyal nan nimewo **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**) oswa vizite wèbsayt **[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)**.

Si ou bezwen yon fòmilè aplikasyon, rele Sekirite Sosyal, epi mande *fòm Aplikasyon pou Èd Nan Plan Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon* (SSA-1020). Ou kapab aplike sou entènèt tou nan wèbsayt **[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon ak sou peryòd espesyal pou anwolman, rele gratis nan **1-800-MEDICARE** (**1-800-633-4227**; TTY **1-877-486-2048**) oswa vizite **[www.medicare.gov](http://www.medicare.gov)**. Medicare kapab fè ou konnen tou biwo ki nan zòn ou pou ede ou nan Plan Medicare pou medikaman sou preskripsyon.



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-10115-HC  
Getting Help With Medicare  
Prescription Drug Plan Costs  
Income And Resource Limits  
June 2008